

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan jeung pedaran dina Bab IV ieu, panalungtikan bisa dicindekeun saperti ieu di handap.

- a. Format *asesmen* formatif jeung format *asesmen* sumatif diwincik dumasar kana wangun asesmen, anu di jerona aya format *asesmen* sawala kelas, drama, produk, présentasi, téks lisan, réfléksi, ésai, jurnal, poster, jeung téks tulis. Sedengkeun format *asesmen* sumatif nyaluyukeun jeung tahapan anu keur lumangsung di sakola nyaéta nincak semester hiji anu leuwih museur dina SAS semester hiji. Dina unggal format *asesmen* dipedar unsur-unsur asesmenna, luyu jeung wangun ogé matéri. Dina unggal fase geus ditangtukeun kontén-kontén, anu satuluyna format *asesmen* nyaluyukeun jeung kabutuhan unggal konténna. Saperti format *asesmen* sawala kelas bisa dilarapkeun dina kontén téks carita babad, téks carita pondok, téks wawacan, carita wayang, jeung carita pantun. Format *asesmen* wangun drama bisa dilarapkeun dina kontén biografi jeung autobiografi ogé kontén téks drama. Format *asesmen* wangun produk bisa dilarapkeun dina kontén aksara Sunda, format *asesmen* wangun présentasi bisa dilarapkeun dina kontén carita pondok, format *asesmen* wangun téks lisan bisa dilarapkeun dina kontén panata acara jeung warta. Satuluyna, format *asesmen* wangun réfléksi bisa dilarapkeun dina kontén biografi jeung autobiografi ogé kontén téks carita babad, téks carita pondok, téks wawacan, carita wayang, jeung réa-réa deui. Ilaharna réfléksi bisa dilarapkeun dina unggal kontén. Format *asesmen* wangun ésai bisa dilarapkeun dina kontén biografi jeung autobiografi ogé kontén téks carita babad, téks carita pondok, téks wawacan, carita wayang, jeung réa-réa deui. Format *asesmen* wangun produk bisa dilarapkeun dina kontén artikel, format *asesmen* wangun poster bisa dilarapkeun dina kontén carita pondok, jeung anu pamungkas format *asesmen* wangun téks tulis bisa dilarapkeun dina kontén téks sajak, téks

- biantara jeung panata acara, téks *puisi* dina sastra *lagu*, jeung téks arguméntasi.
- b. Kisi-kisi jeung soal *asesmen* dibagi jadi dua bagian, aya kisi-kisi jeung soal *asesmen* formatif, aya kisi-kisi jeung soal *asesmen* sumatif. Dina kisi-kisi jeung soal *asesmen* formatif dijerona dipedar ngeunaan wangun asesmenna, capaian pembelajaran, matérina, indikator soal, bentuk soal, jeung level kognitif. Unggal wangun *asesmen* kapedar CP mana anu cocog, matéri jeung kontén anu cocog, ogé tangtuna indikator soal anu saterusna dijadikeun soal dumasar kana level kognitifna. Sabada diguar kisi-kisi jeung soal *asesmen* formatif, satulunya diguar ogé kisi-kisi jeung soal *asesmen* sumatif anu diwincik dumasar kana fasena. Dina kisi-kisi jeung soal *asesmen* sumatif fase E dipedar ngeunaan capaian pembelajaran, matérina, indikator soal, level kognitif, bentuk soal, jeung nomer soal. Kitu deui soal *asesmen* sumatif fase F, jeung fase F lanjutan. Soal anu digunakeun tanggu bédá, nyaluyukeun jeung CP tina unggal fase sarta indikator soalna. Rata-rata soal *asesmen* sumatif ngagunakeun bentuk soal PG.
 - c. Kualitas *asesmen* formatif pangajaran basa Sunda diwincik ngagunakeun validasina dumasar wangun *asesmen* nu ditalungik. Hasil tina *judgment* sacara kualitatif dimeunangkeun yén tina rerata skor dina poin pituduh *asesmen* kawilang kana katégori jelas. Dina poin matéri kaasup kana katégori jéntré, dina poin basa kaasup kana katégori bener dina ngagunakeun basa. Satulunya dina poin tata tulis kaasup kana katégori éjahanna bener pisan, dina poin rubrik meunteun jeung penilaian sacara umum kaasup kana jéntré jeung cocog pikeun dilarapkeun dina *asesmen* pangajaran basa Sunda. Sedengkeun uji coba tina *asesmen* sumatif dimeunangkeun ayana soal anu ditarima atawa bisa dijawab bener ku peserta didik rata-rata dina jumlah soal 25 nepi 31 soal. Soal anu dirévisi rata-rata dina 1 nepi 5 soal, jeung soal anu rata-rata peserta didik teu bisa ngajawab anu hartina kudu diganti soalna nyaéta 5 nepi 12 soal. Ieu *asesmen* dilaksanakeun dina unggal fase.
 - d. Pedoman modél *asesmen* leuwih diguar deui pedoman *asesmen* téh bisa ditilik tina rubrik meunteunna. Salian ti éta nalika urang ngalaksnakeun meunteun tangtu nyaluyukeun jeung rubrik anu dipaké anu nyoko kana

katangtuan kritérian masing-masing. Unggal wangun *asesmen* tanggu bédabéda pedoman asesmenna. Saperti dina rubrik meunteun sawala kelas téh aya sababara aspék anu dipeunteunna. Aspék anu kahiji anu dipeunteun nyaéta ngeunaan kakompakan kelompok nalika sawala kelas. Dina nangtukeun kritéria meunteunna nyoko kana nilai kualitatif anu di rataratakeun alus pisan dina nilai 80 nepi 100 nu kuantitatifna 4, alus dina nilai 70 nepi 79 nu kuantitatifna 3, cukup dina nilai 60 nepi 69 nu kuantitatifna 2, jeung kurang dina 45 nepi 59 nu kuantitatifna 1. Ieu pedoman bisa dipaké di sakola hususna di sakola SMAN 1 Ciranjang.

5.2 Implikasi

Modél *asesmen* formatif jeung sumatif pikeun dilarapkeun di sakola, hususna dina nangtunkeun *asesmen* anu cocog pikeun pangajaran basa Sunda. Nalika prak-prakanna ieu modél bisa diujicobakeun kalayan métode *judgment* sacara kualitatif jeung kuantitatif. Sumber data anu dimeunangkeun tina hasil literatur anu satukunya diujicobakeun di sakola. Hasil dina *asesmen* ieu, dimeunangkeun kumaha format *asesmen* dumasar kana unggal wangunna, kumaha kisi-kisi jeung soal asesmenna, kualitas tina unggal *asesmen* diuji-coba ogé anu ahirna meunangkeun pedoman *asesmen* pikeun dilarapkeun di sakola hususna di SMAN 1 Ciranjang umumna bisa dilarapkeun di sakola séjén.

5.3 Rékoméndasi

Tina hasil ieu panalungtikan anu dilaksanakeun, aya sababaraha rékoméndasi sangkan panalungtikan anu salajengna bisa leuwih hadé sarta aya kamajuan dina proses diajar-ngajar, saperti ieu di handap.

- a. Modél *asesmen* digunakeun dina pangajaran basa Sunda di SMAN 1 Ciranjang. Ku kituna, ieu modél *asesmen* bisa dijadikeun alternatif pikeun guru dina nangtukeun modél *asesmen* anu cocog dilarapkeun dina unggal kontén pangajaran.
- b. Ieu panalungtikan ngeunaan modél *asesmen* formatif jeung sumatif ngagunakeun metodé *judgment* sacara kualitatif jeung uji coba sacara kuantitatif. Ku kituna, kudu aya deui panalungtikan séjén sangkan leuwih

lega ngeunaan modél modél *asesmen* formatif jeung sumatif nyaéta ngagunakeun métode lianna.